

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa bisa leungit harta bandana tapi moal bisa leungit ngaran dirina jeung tempat lahirna, kitu nurutkeun Kadmon (dina Rais, 2008, kc,1). Hal éta nétélakeun ayana hiji ngaran kawilang penting pikeun diri manusa jeung naon waé nu aya di alam dunya, boh nu katingali, boh nu teu katingali, ti mimiti ngaran tutuwuhan, jalan, tempat, kampung, wahangan, jrrd.

Nurutkeun Rais (2008, kc.1) yén waktu manusa gubrag ka alam dunya aya dua atribut dina diri manusa, nya éta ngaran dirina (*anthroponym*) jeung tempat lahirna (*toponym*). Dua hal éta jadi identitas manusa anu ka catet dina Akta Kelahiran, Kartu Tanda Penduduk (KTP), Paspur, Surat Izin Mengemudi (SIM), jeung dokumén séjénna. Ngaran manusa nya éta ngaran anu dibéré ku kolotna keur anakna anu karék gubrag ka alam dunya, sabab atribut éta bakal tuluy napel dina diri manusa sapanjang hirupna nepi ka manusa éta sorangan tilar dunya gé, ngaran jeung tempat lahirna moal bisa leungit. Dina méré idéntitas téh kacida pentingna, sabab manusa perlu ngaran pikeun identitas dirina.

Pangaweruh ngeunaan ngaran disebut *onomastika*. Élmu ieu dibagi jadi dua cabang, diantaranya nu kahiji, *antroponim*, nya éta pangaweruh anu ngabahas riwayat atawa asal-muasal ngaran manusa atawa anu *diorangkan*; kadua, *topononim*, nya éta pangaweruh anu ngabahas asal-muasal ngaran tempat kitu nurutkeun Ayatrohaedi (dina Rais, 2008, kc. 53).

Dumasar kana éta hal, tétéla ngaran téh miboga sababaraha mangpaat jeung tujuan, diantaranya pikeun identitas, komunikasi, jeung informasi ka papada jalma. Sababaraha mangpaat éta lain ngan saukur keur manusa hungkul, tapi bisa ogé keur ngaran patempatan atawa wilayah anu geus dibéré ngaran ku manusa éta sorangan (Rais, 2008, kc. 1). Ku kituna ngaran-ngaran padumukan atawa kampung dijieun keur tujuan anu sarua. Nalika hiji jalma nyicingan tempat pikeun hirup kumbuh jeung masarakat, tempat éta dibéré

ngaran dumasar kana tanda-tanda anu babari katingali jeung dipikawanoh di éta tempat, antukna jadi ngaran hiji tempat atawa kampung.

Kampung mangrupa lembur matuh masarakat pikeun hirup kumbuh jeung interaksi salaku mahluk sosial. Ku kituna ngaran kampung salawasna teu leupas tina ingetan hiji jalma sabab rék kamana manéhna balik jeung rék kamana manéhna ngancik saupama teu apal kana ngaran kampungna sorangan. Sakumaha anu aya dina idiom “lembur matuh, dayeuh maneuh, banjar karang pamidangan”.

Lamun medar ngaran patempatan atawa kampung tangtu waé unggal patempatan miboga ngaran séwang-séwangan. Unggal ngaran tempat dina méré ngaranna ogé tangtu béda-béda, aya anu dumasar kana kasang tukang budaya masarakatna jeung aya anu dumasar kana kondisi alam sabudereunna. Méré ngaran tempat ieu téh sacara paélmuan mah ilaharna sok disebut toponimi.

Toponimi nya éta élmu nu nalungtik kasang tukang ngaran hiji tempat. Nurutkeun Rais (2008, kc. 4) toponimi dina basa Inggris nya éta *toponym*, sacara harfiah nya éta ngaran tempat di muka bumi (“topos” nu hartina tempat atawa *permukaan* saperti topografi, gambaran ngeunaan tempat-tempat di bumi, jeung “nym” tina “onyma” nu hartina ngaran), dina basa Inggris sok disebut ogé *geographical names* (ngaran geografis) atawa *place names* (ngaran tempat).

Nurutkeun kajian folklor, toponimi téh séké sélér tina élmu onomastika (*onomastics*), anu ulikanana ngawengku diantarana baé: méré ngaran jalan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bubuahan kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana ‘sajarah’ ngajanggélékna (Danandjaja, 2007, kc. 13)

Ngaran hiji tempat geus tangtu milik masarakatna, tapi nu jadi masalahna naha apal masarakat jaman kiwari kana sajarah atawa kasang tukang ngaran kampungna sorangan? Ku sabab kitu panalungtik ngarasa perlu ngayakeun ieu panalungtikan ngeunaan asal-muasal ngaran tempat di wilayah Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang, sangkan naon anu jadi kapanasaran bisa kajawab, sarta bisa ngeuyeuban sajarah pikeun guareun generasi kahareupna.

Luyu jeung nu geus ditétélakeun di luhur, ngaran-ngaran hiji kampung ilaharna sok nyoko kana tanda-tanda alam nu gampang katingali sarta dipikawanoh di éta tempat. Saperti halna ngaran-ngaran kampung nu aya di Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang tangtu miboga kasang tukang dingaranan samodél kitu.

Saperti halna aya kampung nu ngaranna Galudra, kecap Galudra nurutkeun Danadibrata (2015, kc. 202) nya éta manuk nu sagedé méga mébér dina dongéng, sok disebut ogé garuda; lamun aya hiber najan keur panas poé nongtoréng handapeunna ngadak-ngadak jadi poék. Tangtu waé aya sababna naha éta tempat dingaranan Galudra. Boa-boa aya hubunganna jeung sasakala Gunung Tampomas, atawa aya hal séjén anu ngabalukarkeun dipakéna éta ngaran.

Di Kacamatan Cimalaka loba ngaran kampung anu ngabogaan kasangtukang naha dingaranan samodél kitu. Sok sanajan kitu, nepi ka ayena can aya panalungtikan nu nalungtik ngeunaan toponimi di Kacamatan Cimalaka.

Hasil panalungtikan ngeunaan toponimi hiji tempat kawilang loba. Contona *Toponimi Wilayah Darangdan Kabupatén Purwakarta Dumasar Aspék Mitologi pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Dongéng di Kelas XII SMA* ku Fahmi Adi Nugraha (2008, 2012); *Ngaran-Ngaran Patempatan (tonponimi) di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang Dumasar Carita Rakyat pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Local di SMP* ku Arief Wangsa Putra (2008, 2012),jrrd.

Kiwari masyarakat Sunda (umumna), masarakat Cimalaka (hususna) jaman ayeuna teu apal kana sajarah ngaran tempatna sorangan, ku sabab kitu ngaliwatan panalungtikan ngeunaan toponimi di Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang, dipiharep masarakat Sumedang di Cimalaka apal kana sajarah ngaran tempat nu aya di kampungna sorangan jeung bisa ngadata sajarah ngaran patempatan di Kacamatan Cimalaka. Ieu panalungtikan salian ti méré nyaho ka masarakat Sumedang, ogé satuluyna bisa ngarojong kana atikan disakola nya éta bisa dijadikeun bahan pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP. Dimana bahan pangajaran anu dimaksud nya éta medar ngeunaan

asal-muasal ngaran hiji patempatan sarta kumaha jeung timana ngaran patempatan éta bisa dingaranan samodél kitu. Éta hal anu jadi larapna dina panalungtikan toponimi ieu.

Dina *Kurikulum 2013 (KURTILAS) mata pelajaran Basa Sunda Kelas VII*, Kompetensi Dasarna (KD) nya éta maca dongéng. Ieu panalungtikan téh gedé pisan pangaruhna kana kahontal henteuna dina tujuan pangajaran, sabab mangrupa eusi dina kagiatan diajar ngajar. Milih jeung nimbang bahan pangajaran téh sarat anu kudu disaluyukeun jeung kamekaran siswa.

Dumasar kana pedaran di luhur, ngeunaan “Asal-Muasal Ngaran Tempat di Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP” teu acan aya nu nalungtik. Ku kituna panalungtik ngarasa perlu pikeun ngayakeun panalungtikan kana éta hal dina wangun skripsi.

1.2 Watesan jeung Rumusan masalah

1.2.1 Watesan masalah

Sangkan ieu panalungtikan ambahana teu lega teuing, ieu panalungtikan ngeunaan toponimi téh baris diwatesanan. Masalah anu dipedar museur dina sabudeureun ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bakal leuwih museur kana kumaha pola masarakat méré ngaran patempatan, anu saterusna larapna pikeun bahan pangajaran dongéng di Kelas VII SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap.

- 1) Kumaha kasang tukang carita ngaran-ngaran kampung nu aya di wilayah Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang ?
- 2) Kumaha pola anu dipaké dina méré ngaran-ngaran kampung nu aya di wilayah Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang ?

- 3) Kumaha hasil ulikan ngeunaan ngaran-ngaran patempatan anu aya di Kacamatan Cimalaka anu disusun jadi bahan pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nya éta pikeun mikanyaho, ngadata (inventarisir) ngeunaan ngaran-ngaran tempat di wilayah Kacamatan Cimlaka Kabupaten Sumedang anu saterusna diwariskeun deui ka entragan anyar ngaliwatan pangajaran Basa Sunda di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis:

- 1) Kasang tukang carita ngaran-ngaran kampung nu aya di wilayah Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang.
- 2) Pola anu dipaké dina sistem méré ngaran-ngaran patempatan di Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang.
- 3) Hasil ulikan ngeunaan ngaran-ngaran patempatan anu aya di Kacamatan Cimalaka anu disusun jadi bahan pangajaran Dongéng di SMP Kelas VII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Mangpaat ieu panalungtikan, sacara téoritis miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan, sarta pikeun aprésiasi budaya hususna dina widang folklor.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat ieu panalungtikan sacara praktis, bisa nambahan élmu pangaweruh ngunaan toponimi ngaran-ngaran tempat nu aya di wilayah Kacamatan Cimalaka Kabupaten Sumedang pikeun dipikawanoh deui ku masarakat séjén luar daérah Cimalaka.

1.4.3 Manfaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngarojong program pamaréntah anu aya dina Undang-undang No. 5 Taun 1992 ngeunaan Benda Cagar Budaya jeung Peraturan Pamaréntah RI No. 78 Taun 2007 ngeunaan Pengesahan *Convention for The Safeguarding of the Intangible Cultural Heritage (Konvensi untuk Perlingdungan Warisan Budaya Takbenda)* sarta Perda Provinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daerah.

1.4.4 Manfaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré informasi ka sakabéh pihak ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan, nepi ka jadi salasihiji bahan pikeun lembaga-lembaga formal atawa non formal.

1.5 Sistematika Penulisan

Sisitematika penulisan dina ieu sekripsi ngawengku lima bab, nya éta :

- 1) Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan;
- 2) Bab II kajian tiori, medar ngeunaan kearifan local, folklor, toponimi, bahan ajar maca dongéng, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir;
- 3) Bab III métodologi panalungtikan, medar ngeunaan désain panalungtikan, métode panalungtikan, setting panalungtikan, lokasi panalungtikan, sumber data, informan, téhnik ngumpulkeun data, instrument panalungtikan, jeung téhnik ngolah data;

- 4) Bab IV hasil tina panalungtikan, medar ngeunaan asal-muasal ngaran tempat, analisis pola méré ngaran tempat di Kacamatan Cimalaka, jeung bahan pangajaran dongéng di Kelas VII SMP;
- 5) Bab V panutup, kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi nu ditepikeun ku panalungtik ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan pikeun panalungtikan kahareupna.